

## Fè yon Chwa ki Enfòmè

Gen twa pwogram pou aprann angle nan lekòl leta Vil Nouyòk la yo : Angle kòm yon Nouvo Lang (ENL), Edikasyon Tranzisyonnèl Bileng (TBE), epi De Lang. Aktyèlman, pwogram ki pi komen yo se ENL epi edikasyon tranzisyonnèl bileng, men pwogram de lang yo ap vin deplizanpli disponib.

Paran Moun k ap Aprann Angle (ELLs) gen dwa pou yo chwazi youn nan twa pwogram sa yo pou pitit yo ka aprann angle. Chak pwogram anplwaye metòd diferan pou ede timoun yo aprann angle. Lè w ap reflechi sou ki pwogram ki ta pi bon pou pitit ou a, sonje yon pwogram ki bon pou yon timoun gen dwa pa sa k pi bon an pou yon lòt timoun. Gen faktè tankou laj ak pèsonalite ki kapab gen yon efè sou reyisit pitit ou a. Anplis sa, lòt faktè kapab gen yon efè sou edikasyon pitit ou a tankou kalite pwofesè yo, sipò lekòl la ba li, epi fason sal klas patikilye kote pitit ou asiste a reponn ak bezwen li yo.

Lè w enskri pitit ou a lekòl, fòk yo ba w yon oryantasyon apwopo twa pwogram sa yo epi mande w chwazi kilès ladan yo w prefere. Si lekòl ou a pa gen pwogram ou vle a, yo gen obligasyon pou yo mete pwogram sa a sou pye. Sinon, ou ka transfere pitit ou a nan yon lòt lekòl ki gen pwogram sa a. Paran yo gen dwa pou yo chwazi ant yon ENL oubyen yon pwogram bileng pou pitit yo. Lekòl yo gen egzijans pou yo kreye pwogram bileng fas ak kondisyon sa yo:

- Lè gen omwen 15 ELLs yo ki pale menm lang natif natal nan de klas konsekitif sòti nan kindègadenn rive nan 8<sup>yèm</sup> ane
- Lè gen omwen 20 ELLs yo ki pale menm lang natif natal nan yon sèl klas sòti nan 9<sup>yèm</sup> ane rive nan 12<sup>yèm</sup> ane.

Lè w enskri pitit ou a, asire ou mande ki pwogram lekòl la ofri. Mande pou w ka vizite sal klas yo epi pale ak pwofesè yo pou ede w decide ki pwogram ki ta pi bon pou pitit ou a.

## Misyon Nou an

AFC ankouraje aksè ak pi bon edikasyon ke Nouyòk ka founi pou tout elèv yo, espesyalman elèv ki fè pati yon ras minoritè epi elèv ki soti nan fanmi defavorize. Nou anplwaye bonjan estrateji entegre pou avanse refòm jeneral, fasilite fanmi ak kominote yo, epi defann dwa edikasyon elèv endividyèl yo.

## Èske w gen plis kesyon?

### Souple rele Liy Asistans Telefonik Edikasyon Jill Chaifetz la

Sòti lendi rive jedi  
Sòti 10h00 rive 16h00  
866-427-6033 (gratis)

### Advocates for Children of New York, Inc.

151 West 30th Street, 5th Floor  
New York, NY 10001  
Telefòn (212) 947-9779  
Faks (212) 947-9790  
info@advocatesforchildren.org  
www.advocatesforchildren.org

AFC

# Opsyon Pwogram pou Moun ki ap Aprann Angle

YON GID POU  
PARAN NAN VIL  
NOUYÒK LA

Out 2015



Advocates for Children  
of New York  
Protecting every child's right to learn

## ANGLE KÒM YON NOUVO LANG (ENL)

### Karakteristik ak objektif:

- Tout anseyman yo fèt ann angle epi li dwe nan yon nivo ki reponn ak kapasite chak elèv.
- Pwofesè a fòm pou l anseye angle kòm yon Nouvo Lang.
- Kou ENL la ka fèt nan yon sal apa, nan sal yon lòt matyè (pa egzanp : matematik, syans, syans sosyal) kote gen yon pwofesè ENL k ap ede elèv ELL yo, oubyen elèv ELL yo kapab sòti nan sal lòt matyè a pou yo fè kou ENL la pou yo nan ti gwoup.
- Objektif la se pou aprann konesans sou plizyè matyè (matematik, syans, lekti, etc.) pandan y ap sèvi ak lang angle a.
- Lè yo rive atenn yon sètèn nivo kapasite nan angle, elèv yo sòti nan pwogram nan.

### Avantaj:

- Nivo angle ki anlwaye a konvenab pou elèv la.
- Elèv yo komanse fè tranzisyon pou yo al nan enstriksyon nòmal (monoleng angle) ti kal pa ti kal.
- Elèv yo gen dwa santi yo pi alèz nan ti gwoup ENL yo ki sòti nan gran sal la, epi y ap gen plis volonte pou yo pran risk paske tout elèv yo ap aprann angle.
- Elèv yo aprann kontni akademik ann angle.

### Dezavantaj:

- Yo pa fè okenn referans ak lang natif natal elèv la.
- Pa gen moun ki pale angle kòm lang natif natal nan sal ENL la epi elèv yo nan sal la ka pale plizyè lang natif natal diferan.
- Elèv yo pa resevwa èd pou esplike devwa yo nan lang natif natal yo.
- Elèv yo ka vin fristre paske yo oblije derape azewo ak yon nouvo lang.
- Lè elèv yo sòti nan sal yo a pou ale nan klas ENL yo, yo gen dwa manke pran anseyman lòt matyè yo.

## EDIKASYON TRANZISYONNÈL BILENG (TBE)

### Karakteristik ak objektif:

- Elèv yo aprann matyè akademik ann angle epi nan lang natif natal yo.
- Tout elèv yo nan sal la pale menm lang natif natal.
- Pwofesè a pale lang natif natal la.
- Chak pwogram edikasyon tranzisyonnèl bileng dwe enkli anseyman ENL.
- Pandan elèv yo ap aprann plis angle, yo bay mwens anseyman nan lang natif natal yo an.
- Objektif la se pou itilize konesans ak konpetans ke elèv yo genyen nan lang natif natal yo pou ede yo metrize angle.
- Lè yo rive atèn yon sètèn nivo kapasite ann angle, elèv yo sòti nan pwogram nan epi yo transfere yo nan yon klas angle monoleng.

### Avantaj:

- Pwofesè ki nan sal la konnen toulede lang yo epi li pral anseye nan toulede lang yo.
- Elèv yo itilize lang natif natal yo pou ede yo aprann nouvo lang lan.
- Elèv yo kontinye pran anseyman nan lòt matyè yo ki apwopriye pou klas yo a nan lang natif natal yo.

### Dezavantaj:

- Gen mwens pwogram edikasyon tranzisyonnèl bileng ki disponib ke pwogram ENL, men si gen ase ELLs nan yon lekòl, lekòl la sipoze kreye yon pwogram edikasyon tranzisyonnèl bileng. Gade seksyon « Fè yon Chwa ki Enfòmè. »

## DE LANG

### Karakteristik ak objektif :

- Moun ki pale angle kòm lang natif natal epi moun ki pa pale angle kòm lang natif natal (kote tout moun sa yo pale menm lang natif natal) yo pran anseyman ansanm nan menm sal klas la.
- Mwatye anseyman an fèt ann angle epi lòt mwatye a fèt nan lang natif natal elèv la.
- Objektif la se pou tout elèv yo vin kouran nan toulede lang yo.
- Yo kapab anseye elèv ki nan pwogram De Lang yo nan toulede lang yo sòti nan Kindègadenn rive nan 12<sup>yèm</sup> ane.

### Avantaj:

- Elèv yo pase mwatye nan tan yo avèk yon pwofesè ki selman itilize lang sib la (pa angle) epi lòt mwatye a avèk yon pwofesè ki anseye selman ann angle.
- Elèv yo itilize lang natif natal yo pou ede yo aprann nouvo lang lan.
- Elèv yo ka aprann pou yo apresye plizyè kilti diferan epi devlope konpreyansyon miltikiltirèl.

### Dezavantaj:

- Pwogram De Lang yo pa vreman disponib nan tout lekòl, pou tout klas, oubyen pou tout lang, men si gen ase ELLs nan yon lekòl, lekòl la sipoze kreye yon pwogram.

**Pou plis enfòmasyon, souple gade *Gid sou Dwa Legal Fanmi Imigran nan Lekòl Leta Vil Nouyòk* layo Genyen AFC pibliye a, ki disponib nan [www.advocatesforchildren.org](http://www.advocatesforchildren.org).**